



YON KONTRA POU

DECHOUKE RASIS

²⁰ Si yon moun di: mwen renmen Bondye, pou an menm tan pou l' rayi frè l'ak sè' l , moun sa a ap bay manti. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè, li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a". -1 Jan 4:20

Peche rasis enteronp amonizasyon ak tet ansanm ke Bondye te vle pou limanite. Rasis se danje, li divize, epi li domaje. Rasis pretann geyen ki merite plis diyite pase yo n lot, epi li mete ak kote imaj ak resanblans Bondye ke nou jwenn nan chak moun. Nou kreye nan limaj Bondye; se pou tèt sa engaje nou nan rasis sou nenpòt ki fòm se refize rekonèt imaj Bondye nan yon lot moun, epi etranje a tou. Le fèt ke nou te kre nan limaj Bondye sa ta dwe raple nou ke chak moun se yon pòtrè vivan Bondye ki dwe okipe, respekte, epi pa janm dezonore .

Nan listwa nou, pep vanyan Bondye an te pran risk pou leve kanpe ak pale ak pou moun ki pi ba yo. Bondye ban nou defi pou nou tounen moun ki chaje kouraj kap cache kreye yon kominote sakre chaje ak espwa, pou nou demantibile peche rasis la. Travay sa mande pou nou riske tèt nou pou lanmou Bondye, pou nou fè plis ke nou kapab. Pou nou cheche sevi youn lot epi sevi Kris la .

NOU PLEYEN ...

Antan ke moun ki geyen la fwa , nou rekonēt peche nou epi ehek nou nan respekte diyite chak moun. Ke se antan ke individi oswa group moun, nou pa rive jwenn Glwa Bondye, nap raple epi nonmen tout kalte plent nou .

- Nou plenyen wol legliz la nan maspinay, esklavaj, ak jenosid sosyete endijen natif natal yo, ak moun zile pasifik yo.
- Nou plenyen wol regliz la nan pwofite de vant, komēs, epi jenosid desandan afriken. Efē komēs drol sa gen sou nou jiska jodia .
- Nou plenyen konplisite Legliz la nan fē silans nan komēsyalizasyon, demounize, ak desann pēp yo te mennen nan peyi sa pou travay sovaj , ak travay di, nap inkli pēp Panyōl , moun Azyatik, epi moun Zile Pasifik yo, ak lòt imigran epi popilasyon san papye.
- Nou plenyen konplisite legliz la nan esklizyon a travē listwa, anprizōnman , epi refi dwa sivil moun peyi Azi ak Zile Pasifik yo.
- Nou plenyen konplisite legliz la difēt ke li pa rive onore lang , kilti , epi dwa sivil moun pēp Panyōl yo, kelke swa sa ki sitwayen meriken, oswa sa ki soti nan peyi panyol yo.
- Nou plenyen pozisyon nou pran nan gade ak patisipe lē yap touye nan salon onswa sou plas piblik ras moun peyi afrik yo.
- Nou plenyen mank kouraj moral legliz la pou li kanpe ak moun pōv yo epi pou moun pōv yo, moun ke yo mete sou kote, epi sa yap toufe yo.
- Nou plenyen sistēm blan an ki konprann ke li sipéryē, eksepsyonēl epi privilej blan ki prezan nan legliz la ki tolere ke yo wē fanmi ras moun ki soti an afrik yo pa anyen, enferye, san merit, oswa pitit ke Bondye renmen yo, ki fet nan limaj diven an.
- Nou plenyen fason ke yap diminye, efase istwa moun ki pa blan yo nan listwa legliz nou yo, enstitisyon yo, ak kominote la fwa nou yo .
- Nou plenyen makōnay direk ou endirek legliz la ak system yo kap pwomouvwa, rasis, opresyon, separasyon, epi limite dwa moun.
- Nou plenyen fēt ekspres femer je lidē kreyen nan pwomouvwa ak defann sistem polis la, militarizasyon polis la, mete moun nan prizon an mas, liy direk lekol pou prizon, pōvte epi vyolans.
- Nou plenyen silans lou epi laperez kraze zo ki souvan enfekte legliz la nan matyē rekonsilyasyon ant ras yo ak jistis sosyal .

NOU SIYEN KONTRA...

Antan ke moun ki geyen la fwa , nou dwe “ renmen Mēt la Bondye nou ak tout kē nou, ak tout nanm nou, ak tou lide nou epi renmen frē parey nou yo tankou nou renmen pwōp tē pa nou. Rekonesan kote legliz la ak moun ki gen lafwa yo echwe nan lanmou Bondye, nan eritaj rasis ak blan ki konprann yo siperyē, nap chache ajiste vi nou pou nou ka reflekte rev Bondye te genyen pou kominote li renmen an.

- Nou siyen kontra pou nou reyekzamine kominote ki gen lafwa yo ak enstitisyon yo, de fason espesifik, pou nou konnen eritaj rasis la epi rekonet, sonje ak rérakonte istwa meriken natif natal yo, moun ki te nan esklavay epi lot moun ki pa blan . Moun travay yo kontribye pou privilēj blan yo.
- Nou siyen kontra pou nou angaje kominote lafwa nou yo, travayē yo, kolēg nou yo epi ekspē yo nan diskou kritik kap pouse nou pou pi devan.
- Nou siyen kontra pou nou konsevwa ak aplike estanda, taktik, ak pwogram ki montre angajman nou nan divesifye ak inklizyon yon realite tout moun ka wē.
- Nou siyen kontra pou nou investi nan biznis lokal ke moun ki pa blanc posede epi jere pēp ki pa reprezante yo.
- Nou siyen kontra pou nou tandè, bay istwa, ekspereyans ak emosyon moun ki pa blan yo valē, antan ke moun kap mache avek nou nan wout la, bay tout ekspereyans sa yo enpotans antan ke bagay sakre.
- Nou siyen kontra pou adopte yon apwoch sou plizye plan nan tout aspē viv ansanm, sonje tout fōm tout maspinay konekte.
- Nou siyen kontra pou nou sipote finansyeman travay enpotan kolej ak inivēsite istorik ke moun nwa te bati pou moun nwa.
- Nou siyen kontra pou nou travay pou kraze liy lekol pou prizon ak lot system opresyon nan enstitisyon yo.
- Nou siyen kontra pou nou leve kanpe epi pale kont ti zak ak gwo zak opresyon ak agresyon.
- Nou siyen kontra pou nou goumen epi leve vwa nou kont refi dwa sivil ak anpechman vōt.
- Nou siyen kontra pou nou fōme tet nou epi pataje ak lot, tout kote ke privilej pa nou bouche je nou ki enpeche nou geyen pitye pou lot yo.
- Nou siyen kontra pou nou leve vwa nou byen fō kont prejije ak diskou youn rayi lot nan vi komen nou.

- Nou siyen kontra pou nou rasanble avek lot moun, tankou lidē, dirijan la fwa yo, epi tout moun ki ka pran desizyon, nan tout nivo legliz la pou nou poze kesyon difisil yo:
 - Eske lidēchip la reprezante divēsite insitasyon yap sēvi a?
 - Eske tout pati kō Kris la reprezante nan pwosesis jan yo pran desizyon yo?
 - Kijan nou invite lidē yo epi koman nou fōme yo?
 - Kiyes ki manke bō tab la?
 - Istwa ki moun nou pa tandē?

- Nou siyen kontra pou nou; nan sevis adorasyon ansanm , ak lòt aktivite nan kominote nou yo, pou akeyi avek bonn intansyon, ospitalite, ak tet ansanm pou moun ki nan tout kilti, gwoup etnik ak moun ki soti lot kote, an nou ajoute moun ki geyen bel litiji ak bel misik ke yap ofri pou sevis adorasyon .

- Nou siyen kontra pou nou envite tout manm nan kominote lafwa nou yo pou reflechi ak chēche yon pi bon konprann rasis ak privilēj.

- Nou siyen kontra pou nou preche epi priye ansanm pou met fen nan rasis ak sipremasi blan, nou pa pou desann moun, desandan moun peyi Eròp yo, men pito pou nou leve tout moun.

- Nou siyen kontra pou nou kontre men nan men ak òganizasyon kominotē lokal yo nan travay pou jistis pou tout ras.

- Nou siyen kontra pou nou... (ou ka ajoute lòt aksyon espesifik pou konteks ou)